

---

**Rezime PFEP TIT I  
TURNING POINTS ACADEMY (0842)**

---

## Deklarasyon Misyon

Kreye yon deklarasyon ki kominike vizyon pou angajman paran ak fanmi, yon fason ki motive yo. Deklarasyon misyon an ta dwe:

- reflete kwayans oswa valè lekòl la genyen konsènan enpòtans angajman fanmi;
- eksplike objektif Plan Angajman Paran ak Fanmi lekòl la;
- li dwe ekri nan yon langaj ki fasil pou paran konprann, epi
- enspire moun ki enterese yo pou patisipe epi sipòte pwogram nan.

### 1. Deklarasyon Misyon

Mision Patisipasyon Paran nou an nan Turning Points Academy pou ane eskolè 2024-2025 la se asire tout paran yo gen aksè egal a enfòmasyon enpòtan konsènan pèfòmans elèv yo ak lekòl la. Se dezi nou pou tout paran yo gen aksè ak resous, pwogram ki fèt pou paran yo itilize pou pèmèt yo ede pitit yo yon fason pi efikas pou yo vin gen siksè epi konpetan nan lekòl. Nou fè efò pou asire paran yo patisipe nan desizyon enpòtan konsènan fason yo depanse lajan Tit I epi ansanm devlope epi revize plan pou ogmante patenarya ant paran yo, lekòl la, ak biznis lokal yo nan objektif pou ogmante siksè elèv yo ak patisipasyon paran.

## Reyinyon Anyèl Paran

Yo envite epi ankouraje tout paran ak fanmi pou vini nan Reyinyon Anyèl Tit 1 nan yon moman ki bon pou yo, pou aprann sou pwogram Tit 1 lekòl la, kondisyon ak dwa paran Tit 1 yo.

Dekri etap lekòl pral suiv pou l jere yon Reyinyon Anyèl ki efikas. Reyinyon an ta dwe enfòme paran yo sou:

- Kisa sa vle di lè w Yon Lekòl Tit 1?
- Plan Tit I pou Tout Lekòl la;
- Plan Angajman Paran ak Fanmi, ki enkli Kontra Lekòl-Paran;
- Pwogram espesyal tankou Edikasyon Migran ak McKinney-Vento;
- Dwa Paran dwe Konnen; epi
- Lòt opòtinite pou paran yo.

## 1. Ki dat egzat, lè, ak lokal Reyinyon Anyèl la?

Reyinyon Anyèl la ap fèt nan premye reyinyon SAC SY 25 la, ki fikse pou 11 septanm 2024. Reyinyon an ap fèt a 10:00 am vityèlman epi an pèsòn nan Sant Media a *Media Center*.

## Fòmasyon pou Paran

Dekri seminè fòmasyon ou pral ofri paran ak fanmi yo, ki pral bay yo kapasite pou sipòte aprantisaj lakay pou amelyore rannman akademik elèv la. Fòmasyon yo dwe konsantre sou teknik paran ak fanmi kapab itilize pou pwolonje aprantisaj lakay yo, sipòte elèv nan satisfè egzijans estanda leta yo epi swiv pwogrè akademik pitit yo.

- Non Fòmasyon an

Ki jan paran yo kapab sipòte aprantisaj pitit yo lakay.

- Ki estrateji espesifik, teknik oswa pwogram paran yo pral aprann pou enplemanté ak pitit yo lakay?

Ki jan yo Kreye yon Anviwònman Aprantisaj Lakay ki Amikal Ki jan yo Enkòpore Aprantisaj nan Lavi Reyèl. Paran yo pral aprann rete an kontak avèk pwofesè yo, angaje yo nan Sipòte Devwa lakay, epi selebre siksè yo.

- Dat Fòmasyon an

Oktòb 2024

- Non Fòmasyon an

Fòmasyon pou Paran: *S/Sak Paper*

- Ki estrateji espesifik, teknik oswa pwogram paran yo pral aprann pou enplemanté ak pitit yo lakay?

Y ap entwodui paran/responsab yo nan pwogram *S/Sak Paper* ki pral bay yo aksè toutan pou tcheke pwogrè akademik ak konpòtman epi kapab ede elèv yo pi byen aprann konpetans kou espesifik ak lesон patikilye ki disponib pou paran ak elèv yo. Ekspè yo disponib sou entènèt pou ede elèv ak paran youn pa youn nan tout matyè yo nan plis pase kat lang.

- Dat Fòmasyon an

Desanm 2024

## Non Fòmasyon an

Pa/aplikab

- Ki estrateji espesifik, teknik oswa pwogram paran yo pral aprann pou enplemente ak pitit yo lakay?

Pa/aplikab

- Dat Fòmasyon an

Pa/aplikab

## Kominikasyon

Aprè refleksyon sou reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo, evalyasyon fòmasyon ak analiz evènman yo, dekri pwosesis lekòl nou an pral itilize pou ofri mizajou ki resan epi fasil pou paran ak fanmi konprann sou pwogram Tit 1, kourikouloum, evalyasyon ak enfòmasyon sou pwogrè/nivo konpetans elèv.

- Deskripsyon

Nou bay paran ak fanmi yo enfòmasyon sou Tit I atravè Reyinyon SAC, Sit entènèt TPA, Sware Anyèl Paran Tit I, Konferans Paran, Fòmasyon Paran, ak/oswa Bilten nouvèl.

- Deskripsyon

Nou bay paran ak fanmi yo enfòmasyon sou nivo kourikoulòm ak konpetans atravè Reyinyon SAC yo, Sware Paran yo, reyinyon jeneral/sware kourikoulòm, konferans paran anvan ak apre lekòl, ak sit entènèt TPA a,

- Deskripsyon

Nou bay paran ak fanmi yo enfòmasyon sou evalyasyon akademik yo atravè Rapò sou Pwogrè, Reprezantasyon Done nan sware pou paran, Reyinyon Jeneral, Konferans Paran, Kanè, ak/oswa nan SIS.

- Deskripsyon

Nou bay paran yo ak fanmi yo enfòmasyon sou opòtinite pou pran desizyon atravè Fòm Patisipasyon Paran ESE, Konferans Paran, Bilten nouvèl ak Reyinyon SAC.



- **Deskripsiyon**

Yo pral pwogramme reyinyon yo nan lè diferan, vityèlman ak/oswa an pèsòn. Konferans paran yo disponib nan dat ak lè ki bon pou paran. Reyinyon IEP yo akomode orè paran yo pou ankouraje patisipasyon an pèson.

## Aksesiblite

Li enpòtan pou abòde obstak ki anpeche patisipasyon fanmi nan aktivite yo. Aprè nou fin konsidere enfòmasyon ki soti nan reyinyon pou jwenn opinyon paran, dekri kijan nou pral fè sèten paran ak fanmi yo ki nan kategori espesyal anba la a pral kapab patisipe antyèman nan reyinyon, fòmasyon, aktivite ak evènman nan lekòl la. Dekri akomodasyon lekòl la pral ofri chak sou gwoup paran ki nan lis anba la a.

- **Deskripsiyon**

Turning Points Academy pral bay tout opòtinite pou patisipe nan aktivite angajman paran nan asire lè sa posib tout korespondans ki soti nan lekòl la konsènan Pwogram Tit 1 yo tradwi nan lang natif natal chak fanmi, epi yo pral bay entèpretè jan sa nesesè pou paran yo lè yo nan lekòl oswa lè yo rele. Yo pral utilize *Language line* tou lè sa nesesè.

- **Deskripsiyon**

Turning Points Academy pral asire paran ki gen andikap yo santi yo byenveni nan lekòl nou an. Lekòl la konfòme li ak ADA epi li pral travay ak paran ki gen lòt andikap pou asire yo santi yo akeyi pou yo patisipe nan edikasyon pitit yo. Yo pral ofri antre pou chèz woulant ak kote pou chita sou demann. Lekòl la pral bay tou ekipman odyo pou moun ki pa tandem byen ak nenpòt lòt sipò sou demann. Si sa nesesè, lekòl la ap kontakte biwo distri a pou sipò. Nou gen pakin pou andikape pou moun ki bezwen li.

- **Deskripsiyon**

Turning Points Academy pral bay tout opòtinite pou patisipe nan aktivite angajman paran yo nan asire lè sa posib tout korespondans ki soti nan lekòl la konsènan Pwogram Tit 1 yo tradwi nan lang natif natal chak fanmi. Nou bay kat bis tou pou paran ki bezwen asistans. Lè fleksib pou reyinyon yo disponib. Nou pral kowòdone ak Depatman Migran distri a. Gen Tradiktè disponib tou pou reyinyon yo.

## Deskripsyon

Turning Points Academy pral asire fanmi ki sanzabri yo santi yo byenveni pou patisipe nan edikasyon ptit yo. TPA gen yon manm nan *safe schools* ki travay ak tout elèv/fanmi nou yo ki sanzabri. TPA pral chèche bay resous ki disponib pou ede fanmi ki sanzabri ak edikasyon ptit yo ak nenpòt lòt sipò jan sa nesesè. Fanmi TPA a pral bay kat bis tou pou moun ki gen transpò limite pou asire yo patisipe nan edikasyon ptit yo. Pèsonèl lekòl nou an ap ede fanmi yo nan prezante yo nan pwogram McKinney-Vento si sa nesesè.